



CWS | Sèvis Entegrasyon Vityèl

Èske ou se yon imigran ki fèk rive k ap chèche sèvis jesyon dosye pou sipòte w pandan w ap adapte w ak nouvo kominote w la?

Nou konnen rive nan yon nouvo peyi se yon defi epi ekip Sèvis Entegrasyon Vityèl la la pou ede imigran ki fèk rive yo aprann plis bagay sou resous kominotè yo ak kijan pou jwenn aksè nan sèvis ak resous sa yo! Nou se yon òganizasyon ki pa pou fè pwofi epi sèvis nou yo 100% gratis. Objektif nou se akeyi ak sipòte imigran Ozetazini.

Nou travay ak moun k ap chèche azil, refijye, imigran Kiben ak Ayisyen, moun ki gen viza espesyal pou Irakyan ak Afgan, viktim trafik moun, Afgan ki gen pèmi imanité ak lkrenyen ki gen pèmi imanité.

Nou ka ede w ak:

- Aplikasyon pou benefis piblik (Medicaid ak kupon manje)
- Jwenn epi konekte avèk randevou doktè
- Jwenn epi konekte avèk avoka imigrasyon
- Jwenn resous manje gratis tankou Bank Alimantè (Food Pantries)
- Aprann angle
- Konprann mache travay ameriken an
- Lòt resous ki ta ka ede w!

Tanpri rele oswa voye yon imèl pou pran yon randevou!

Nou pale panyòl, kreyòl Ayisyen ak angle.
Nou gen entèpretasyon telefòn disponib nan lang ou.

✉ Imèl: virtualseervices@cwsglobal.org

☎ Telefòn: 332-236-7206